WIKIPÉDIA

Basa

Basa iku sistém simbul-simbul lan paugerané kanggo nggunakaké sistém iki. Basa uga bisa ngrujuk ing panggunan sistém kaya mengkéné utawa panyinaonané minangka siji fénoména.Lan piranti kanggo sesrawungan ing antaraning manungsa siji lan sijiné. Panemu liya ana kang mratelake yèn bisa, ateges piranti kang awujud swara, tanda utawa tulisan kan andhedhasar pikiran lan kekarepan lan. Tegesé basa kang kaya dhuwur mau, ya iku tegesé basa kang kaprah, dingertèni déning umum.

Basa

Lukisan primitif ing mural ing Teotihuacan, Meksiko sing nggambarake wong sing nggulung gulung saka tutuk, nglambangake basa (abad kaping-2).

Isi

Warna-warnané basa
Manut wujudé ana warna telu ya iku:
Unsur dhasar basa
Paguyuban basa
Basa-basa laladan ing Indonésia
Basa-basa ing dunya
Sastra
Uga delengen
Pranala njaba

Warna-warnané basa

Manut wujudé ana warna telu ya iku:

- Basa Lisan, ya iku wangun komunikasi manungsa kang migunakaké tembung-tembung kang diturunaké saka *kosakata* kang akèh (kurang luwih 10.000) bebarengan karo manéka jeneng kang dipocapaké liwat utawa migunakaké organ cangkem. Tembung-tembung kang dipocapaké kasambung dadi untaian frasa lan ukara kang diklompokaké kanthi sintaktis.
- Basa Tulisan, ya iku wangun komunikasi manungsa kang migunakaké tembung-tembung kang diturunaké saka *kosakata* kang akèh (kurang luwih 10.000) bebarengan karo manéka jeneng kang ditulis ing médhia kaya déné dluwang, blabak, komputer lan médhia liyané.
- Basa Isarat, ya iku wangun basa kang ngutamakaké komunikasi manual, basa awak, lan obahing lambé, dudu swara, kanggo komunikasi. Kaum tunarungu iku golongan utama kang migunakaké basa iki, lumrahé kanthi kombinasi karo tangan, orièntasi lan obahing tangan, lengen, lan awak, sarta èksprèsi praupan kanggo ngungkapaké pikiran.

Unsur dhasar basa

- Fonèm

ya iku unsur paling cilik saka uni pocapan kang bisa kanggo mbédakaké tegesé tembung. Fonèm iku awujud swara. Contoné tembung *ulèr* lan *ulès* duwé teges kang béda amarga prabédan ing fonem /r/ lan /s/. Uler kang ateges kéwan, nanging ules tegesé salah sijiné jinis kain. Saben basa duwé jumlah lan jinis fonèm kang béda-béda. Upamané basa Jepang ora kenal fonèm /la/ saéngga tembung kang migunakaké fonèm /la/ diganti nganggo fonèm /ra/. Babagan fonèm bisa disinauni ing fonetik lan fonologi.

- Morfèm

ya iku unsur paling cilik saka pandhapukan tembung lan disesuaikake karo aturan siji basa. Ing basa Indonésia morfem bisa awujud imbuhan. Contoné tembung praduga duwé loro morfèm ya iku /pra/ lan /duga/. Tembung *duga* minangka tembung dhasar kanthi tambahan morfèm /pra/ njalari owah-owahan makna ing tembung *duga*.

- Sintaksis

ya iku penggabungan tembung dadi ukara dhedhasar aturan sistematis kang ana ing basa tinamtu. Sajeroning basa Indonésia ana aturan SPO utawa subjèk-prédikat-objèk. Aturan iki béda ing basa liya, upamané ing basa Walanda lan Jerman aturan gawé ukara ya iku tembung kriya tansah dadi tembung kaloro ing saben ukara. Bab iki béda karo basa Inggris kang ngolèhaké tembung kriya dipasang ora ing urutan kaloro sajeroning ukara.

- Semantik

nyinaoni makna lan makna saka sawiji basa kang diwangun sajeroning ukara.

- Diskurs

ngaji basa ing tahap pacelathon, paragraf, bab, carita utawa literatur.

Paguyuban basa

Basa-basa laladan ing Indonésia

- Basa Batak
- Basa Jawa
- Basa Melayu
- Basa Madura
- Basa Sundha
- Basa Bali
- Basa Sasak
- Basa Acèh
- Basa Minangkabau
- Basa Melayu Ambon

Basa-basa ing dunya

- Basa Inggris
- Basa Prancis

- Basa Walanda
- Basa Arab
- Basa Jerman
- Basa Cina
- Basa Pali
- Basa Sangskreta

Sastra

- Rumpun basa
- Sastra

Wikimedia Commons duwé médhia ngenani ***Language***.

Uga delengen

- Kontak basa

Pranala njaba

- *World Atlas of Language Structures: a large database of structural (phonological, grammatical, lexical) properties of languages* (http://wals.info/)
- Ethnologue: Languages of the World (http://www.ethnologue.com/) iku katalog pepak ngenani kabèh basa urip saindhenging donya

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa&oldid=1497713"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 14.19, 28 Oktober 2019.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.